

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan didadasaran tina ayana anggapan yén *Wawacan Carios Munada* téh euyeub ku siloka jeung ajén-ajén anu luhung. Tujuan ieu panalungtikan, nyaéta ngadéskripsikeun unsur struktural, gambaran (citra) wanoja Sunda, jeung aspék sosial anu aya dina *Wawacan Carios Munada*. Dina ieu panalungtikan, dilarapkeun tiori ngeunaan strukturalisme, feminisme, jeung sosiologi sastra. Méthode nu digunakeun, nyaéta metode deskriptif, sedengkeun téhnikna nyaéta studi pustaka jeung dokuméntasi.

Hasil panalungtikan tina *Wawacan Carios Munada* ngahasilkeun tilu kacindekan utama, nyaéta struktur naratif wawacan, gambaran (citra) wanoja Sunda, jeung aspék sosial anu aya dina *Wawacan Carios Munada*. Struktur naratif nu dianalisis nyoko kana galur, motif carita, tokoh, latar, jeung téma. Kahiji, galur carita dina *Wawacan Carios Munada* nya éta galur mérélé, anu diwangun ku 12 épisode. Kadua, aya dua jenis tokoh nu kapanggih nyaéta tokoh utama jeung tokoh panambah, aya 5 tokoh utama nu ngalalakon, jeung 135 tokoh panambah nu jadi panglengkep carita. Katilu, latar nu kapanggih nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat dina *Wawacan Carios Munada* réréana di Kabupatén Bandung, tempat husus séjénna nu dijadikeun setting dina ieu wawacan nya éta di gedong pangcalikan Kanggjang Dalem, di imah Mas Suradireja, di rumah sakit, di jero bui, jsb. Sedengkeun waktuna lumangsung kira-kira dina taun 1842, ari latar sosialna nya éta nyoko kana kaayaan waktu pamaréntahan jaman kolonial Walanda, anu dina startifikasi sosial harita aya dua golongan masarakat, nya éta golongan ménak-santana (bangsawan) jeung golongan jalma leutik atawa cacah (rahayat biasa). Kaopat, dina *Wawacan Carios Munada*, aya opat motif carita nu ngarojong téma, nya éta motif lalampahan, néangan jodo, males kanyeri sarta *penghargaan jeung hukuman*. Kalima, téma dina *Wawacan Carios Munada*, nya éta ngeunaan intrik pulitik di lingkungan para ménak kabupatén, sarta hubungan antara gegedén anu nyekel kakawasaan jeung

bangsa Cina anu geus kuat naluri bisnisna ti baheula kénéh, ditambah ku faktor marebutkeun awéwé.

Gambaran (citra) wanoja Sunda nu aya dina *Wawacan Carios Munada* téh aya tilu, nya éta gambaran (citra) fisik, gambaran (citra) psiskis, jeung gambaran (citra) sosial. Sacara umum, gambaran (citra) fisik tokoh wanoja nu aya dina *Wawacan Carios Munada*, miboga rupa nu alus (gareulis jeung maranis). Tokoh wanoja nu dicaritakeun dina ieu wawacan, rata-rata miboga gambaran (citra) psikik nu positif, sanajan aya hiji atawa dua tokoh wanoja nu miboga gambaran (citra) psikis anu negatif (beuki ngomong jeung gedé timburu), contona Nyi Mas Asmah. Gambaran (citra) tokoh-tokoh wanoja di lingkungan masarakat teu pati dicaritakeun, hampir sakabéh tokoh wanoja anu aya dina *Wawacan Carios Munada* leuwih mentingkeun kalungguhanna salaku pamajikan jeung indung, tibatan mentingkeun karir atawa atikan.

Aspék sosial anu aya dina *Wawacan Carios Munada* nyampak dina dua hal, nya éta dina status jeung kakawasaan bupati sarta dina *perkawinan* jeung *ikatan kekerabatan*. Dina stratifikasi sosial mangsa harita, aya dua golongan masarakat, nya éta golongan ménak, anu diwakilan ku Kangjeng Dalem Adipati Wiranatakusumah (bupati Bandung 1829-1846), Praméswari Kangjeng Dalem Adipati Wiranatakusumah, Raja Pamerat, Radén Surya Karta Hadiningrat (bupati 1846-1874), Radén Adipati Surya Kusumah Adiningrat (bupati Cianjur), Radén Ayu Ratnaningrat, Radén Kusumah Dilaga (bupati Bandung 1874-1893), Radén Sastranagara/Radén Rangga Haji, jsb. Di sagigireun ti éta, aya ogé golongan ménak *bawahan* bupati, anu diwakilan ku Arya Adinagara, Radén Demang Ardikusumah, Demang Wiradikusumah, Demang Mangunagara, Mas Suradireja, Radén Tisna Dilaga, Puspayuda, Sasmitadirja, Radén Padmakusumah, Raden Sacakusumah, Rangga Anggawireja, Radén Aria Sacanagara, Mas Arsaén, Mas Muhaén, Radén Kusumahdinata, jaksa Garut, jaksa Sumedang, jaksa Sukapura, Mas Astareja, jsb. Kadua, golongan cacah, anu diwakilan ku Nyi Selir, Si Asmi, Ambu Ciut, Ambu Sairun, Abah ramé, Nyi Kejer, Nyai Rara Ireng, Si Urmi, jsb. Mangsa harita, bupati kaasup ménak anu pangluhurna tur miboga kakawasaan anu ngawengku sakabéh widang, iwal ti hukum tunggel jangga.

Dina perkara *perkawinan* jeung *ikatan kekerabatan*, mangsa harita kaum ménak umumna ngalakukeun *poligami* (miboga pamajikan leuwih ti hiji) jeung *konkubinasi* (miboga selir anu loba). Di sagigireun miboga pamajikan resmi (anu dikawin), kaum ménak ogé miboga pamajikan anu teu resmi (teu dikawin). Salah sahiji pamajikan resmi (anu dikawin) miboga kalungguhan salaku garwa padmi, anu posisina sarua jeung permaisuri raja. Ari pamajikan resmi (anu dikawin) séjénna disebut garwa leutik. Sedengkeun pamajikan anu teu dikawin disebutna selir. Garwa padmi bupati, biasana dipilih ti putri bupati séjén, sarta henteu salawasna mangrupa pamajikan kahiji.

## 5.2 Saran

Wawacan lain ngan mangrupa produk heubeul anu cukup dipikawanoh hungkul, tapi wawacan mangrupa folklor anu euyeub ku ajén-inajén anu gedé gunana pikeun kahirupan masarakat Sunda. Ku kituna, loba hal anu masih kénéh bisa diguar tina wawacan anu can ditalungtik. Aya sababaraha saran nu ditepikeun dina ieu panalungtikan, di antarana saran pikeun panalungtik sastra utamana ngeunaan wawacan, guru basa Sunda, jeung urang Sunda.

### 1) Saran ka Panalungtik Sastra Utamana Ngeunaan Wawacan

Ieu panalungtikan kawatesanan kana struktur naratif, gambaran (citra) wanoja Sunda, jeung aspék sosial wungkul. Teu nutup kamungkinan panalungtikan ngeunaan struktur naratif, gambaran (citra) wanoja Sunda, jeung aspék sosial wungkul bisa leuwih jembar saupama ngagunakeun sumber data folklor séjénna. Pikeun panalungtik séjénna, dipiharep ieu hasil panalungtikan téh bisa jadi salah sahiji tatapakan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar.

### 2) Saran ka Guru Basa Sunda

*Wawacan Carios Munada* bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran basa Sunda di sakola, boh di SMP boh di SMA.

### **3) Saran ka Urang Sunda**

Hasil ieu panalungtikan bisa jadi gambaran pikeun mikanyaho gambaran (citra) wanoja jeung aspék sosial anu aya dina wawacan. Ku kituna, ieu hasil panalungtikan téh dipiharep bisa ngajadikeun urang Sunda leuwih mikanyaho kana jati dirina tur bisa robah jadi pribadi nu leuwih hadé.